## MUPOROFITA UYA – PARACLETE MUHAMMAD

Kusvika panguva yaJesu (R.N.K) vaIsrairi vakange vachiri kumirira muporofita akafanana naMosesi sekuporofitwa kwazvakaitwa muna Dhuteronomi 18:18. Apo Johani mubaba- tidzi akauya, vakamubvunza kuti aive kristu here, iye akati "kwete". Vakamubvunza kuti aive Eriya here, iye akati "kwete". Nokudaro, vachidzokera kuna Dhuteronomi 18:18, vakamub vunza kuti, "Hausiri Muporofita uya here?" akavapindura achiti, "kwete" (Johani 1:19-21). Muvhangeri maererano naJohani (ndima dzinoti: 14, 15, 16) Jesu akataura nezva "Paraclete" kana kuti Munyaradzi achauya mushure make, achatumwa naBaba semumwe Paraclete, achadzidzisa zvinhu zvitsva izvo vanhu vemunguva yaJesu havana kukwanisa kuzvigamuchira. Sezvo Paraclete anotsanangudzwa kunzi ndiye mweya wechokwadi, (une chirevo chakafanana nezita raMuhammad raakanyanyo zivikanwa naro rekuti Al-Amin, Akavimbika), mune imwe ndima anonzi ndiye Mweya Mutsvene (Johani 14:26). Zita iroro harina kunyatso enderana nera Paraclete. Mumashoko emu duramazwi rebhaibheri, (Ed. J. Mackenzie) akati "zvinhu izvi, tinofanira kubvuma kuti hazvinyatsopa mufananidzo chaiwo." Zvirokwazvo, nhoroondo inotitaurira kuti vakristu vazhinji vekare vainzwisisa kuti Paraclete akange ari munhu, kwete mweya. Izvi zvinokwanisa kutsanangura zvinotevera zvinova zvinopa mhinduro kune vamwe, vasina kutarisa nzira dzakaiswa naJesu, kuti aive "Paraclete" akamirirwa. Muporofita Muhammad (R.N.K) ndiye akange ari Paraclete, Munyaradzi, Mubatsiri, Muyambiri, akatumwa naMwari mushure maJesu. Akapupura nezva Jesu, akadzidzisa zvinhu zvitsva, zvisina kubvira zvatambirwa panguva yaJesu, akataura zvaainzwa (zvakazarurwa), aigara nevatendi (kuburikidza nedzidziso dzake dzaka chengetedzwa). Dzidziso idzodzo dzicharamba dziripo zvachose nokuti akange ari Mutumwa wekupedzisira waMwari, ndiye chete Mutumwa wepasi rose akazobatanidza vanhu vose muna Mwari uye munzira yechokwadi chakachengetedzwa. Akataura nezve zvinhu zvakawanda zvaizouya izvo zvakazoitika sezvaakareva, akange ari patsanuro yakapuwa naMosesi kuzosiyanisa pakati pemuporofita wechokwadi nevaporofita venhema (Dhuteronomi 18:22) achazivisa nyika pamusoro pezvivi, pamusoro pekurarama, nepamusoro pekutongwa. (Johani 16:8-11)

## KO KUCHINJANA KWEVATUNGAMIRI VEZVI-TENDERO KWAKA POROFITWA HERE?

Murondedzero yekurambwa kwaJesu muporofita weIsrairi wekupedzisira, yakange yave nguva yokuti chitsiidzo chaMwari chokuti Ishumairi ave rudzi rwakakura chive chinozadzikiswa (Genesisi 21:13, 18).

Muna Mateo 21:19-21, Jesu akataura nezve muonde wakange usinga bereke (chiratidzo chemu Bhaibheri chinoratidza nhaka yeuporofita) waizobviswa mushure mekupiwa mukana wekupedzisira wemakore matatu (nguva yehufundisi waJesu) kuti ubereke. Mundima inotevera muchitsauko chimwechetecho, Jesu akataura kuti: "Naizvozvo, ndinoti kwamuri, humambo hwaMwari uchatorwa kubva kwamuri, uye uchapiwa kuvanhu vachaburitsa muchero wacho…" (Mateo 21:43) vanhu vachava zvizvarwa zvaIshumairi (ibwe rakarambwa muna Mateo 21:42) rakakunda vose vakange vaine masimba panguva yaro seku porofitwa kwakaitwa naJesu "Kune wose achawira pamusoro peibwe iri achavhunika, asi kune uyo achawirwa naro richamukuya akava upfu." (Mateo 21:44).

## ZVINHU ZVAKAITIKA NEMASANGA ZVAKATORWA ZVISIRIZVO?

Zvinokwanisa here kuti titi kuporofitwa kwakawanda kwataurwa hakuenderane nenyaya iyi uye kusatsanangurwa nemazvo? Kana kuti rimwe divi racho ringave chokwadi, kuti ndima idzi dzinonyatso enderana uye dzino nongedza nezvekuuya kwemurume akachinja nzira yenhoroondo yemunhu, muporofita Muhammad (R.N.K)? Hazvina pfungwa here kuti tipedzise tichiti kuporofitwa kwose uku kwakawanikwa mumabhuku akasiyanasiyana eBhaibheri uyezve akataurwa nevaporofita vakasiyana panguva yakasiyana kuti zvose izvi akange ari masanga here? Kana izvi zvakadaro, heanoyi mamwe masanga anoshamisa!

Chimwe chezviratidzo chamuporofita aizouya kubva kuParan (Mecca) ndechekuti aizouya "nezviuru zvinokwana gumi zvevatsvene" (Dhuteronomi 33:2 KJV). Iwowo ndiwo wakange huri huwandu hwevatendi vakange vaina muporofita Muhammadi paaienda kuParan (Mecca) pavakakunda pakudzokera kwake kunzvimbo yaakazvarirwa pasina kudeura ropa, kunoparadza zviratidzo zvakange zvasarira zvezviumbwa paKabah.

Mwari vakati, sokutaurwa kwazvakaitwa naMosesi:

"Zvichazoitika kuti, kune wose asingateerere kumashoko angu, aachataura muzita rangu, ndichazomada kubva kwaari" (Dhuteronomi 18:19)

Vadiwa vaverengi:

Chiedza chechokwadi ngachipenye mumoyo yenyu nemupfungwa dzenyu. Tungamirirwai kurunyararo nekutenda muhupenyu huno uye hupenyu husinga pere mune remangwana.

# MUHAMMAD (R.N.K) MU BHAIBHERI

AHLAN : WWW.Ahlan-Group.Com
Www.Facebook.Com/Ahlan.Explore
Info@Ahlan-Group.Com


**_For more Islamic materials_**

*Live chat and more: www.islamtomorrow.com/*
*Many Islamic videos online: www.thedeenshow.com*
*Free Islamic online books: www.islamic-invitation.com/*
*Free of charge Islamic books: www.islamic–message.net/cims/default.aspx*
*AHLAN : www.ahlan-group.com*
*www.facebook.com/Ahlan.Explore*



Conveying Islamic Message Society
P.o.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail:info_en@islamic-message.net
E-mail:cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net



Not for sale يُهدى ولا يُباع


شهادة الانجيل بنبوة محمد
نبى الاسلام
باللغة الشونا

# MUHAMMAD MU BHAIBHERI

## BHAIBHERI RINOTAURA NEZVEKUUYA KWA MUHAMMAD (Rugare Ngaruve Kwaari)

Abrahamu anotorwa sababa venyaya yehumwechete hwaMwari, uye ndivo baba vemaJudha, Makristu nemaMuslim. Zvichiburikidza nemwanakomana wake wepiri Isaki, vaporofita vose verudzi rwechi Israiri vakauya vaisanganisira avo vaizivikanwa zvikuru vakafanana na: Jakobho, Josefa, Mosesi, Davidha, Soromoni naJesu, rugare nerunyararo ngaruve kwavari. Kuuya kwevaporofita ava kwakava kuzadzisa vimbiso yaMwari yekuropafadza marudzi epasi kuburikidza nezvizvarwa zva Abrahamu (Genesisi 12:2-3). MaMuslim, avo vanotenda nekuremekedza vaporofita vose, unova uri musimboti wekutenda, vanogamuchira nekuzadzisa izvozvo.

## KUROPAFADZWA KWA ISHUMAIRI NA ISAKI

Ko dangwe raAbrahamu (Ishumairi) nezvizvarwa zvake, vakasanganisirwavo here muvimbiso? Ndima shoma kubva mubhaibheri dzinokwanisa kubatsira kupa chiedza pamubvunzo uyu;

1) Genesisi 12:2-3 inotaura nezve chitsiidzo chaMwari kuna Abrahamu nezvizvarwa zvake asati ava nemwana mumwechete zvake.
2) Genesisi 17:4 inotaura nezve chitsiidzo chaMwari mushure mekuzvarwa kwa Ishumairi, Isaki asati azvarwa.
3) Genesisi 21, Isaki anoropafadzwa asi Ishumairi akaropafadzwawo zvakare nekupiwa chitsiidziro naMwari kuti aizova "rudzi rwakakura" kunyanya mu Genesisi 21:13-18.
4) Zvichienderana na Dhuteronomi 21:15-17 kodzero dzematambidzanwa neruremekedzo rwedangwe hadzinei nechinzvimbo cha amai munharaunda (kuva mudzimai asiri nhapwa sa Sarah, amai vaIsaki, kana kuti kuva "muranda" sa Hagar, amai vaIshumairi). Izvi zviri maererano nemisimboti yetsika nemagariro ezvitendero zvose.
5) Ishumairi, kuvakwake mwana chaiye waAbrahamu, uye amai vake Hagar kuva kwavo mukadzi chaiye wa Abrahamu zvakanyatso tsanangudzwa muna Genesisi 21:13 uye 16:3.

Mushure maJesu mutumwa nemuporofita wekupedzisira wechi Israiri, yakange yave nguva yokuti chitsiidzo chaMwari chokuropafadza Ishumairi nezvizvarwa zvake chizadziswe. Mumakore asingadarike 600 mushure maJesu kwakauya mutumwa wekupedzisira waMwari, Muhammad, kubva kuvana vaAbrahamu kuburikidza naIshumairi. Maropafadzo aMwari emumhuri imwe neimwe yaAbrahamu akazadziswa. Zvisinei, pane umwe humboo here wakataurwa neBhaibheri nezvekuuya kwa muporofita Muhammad?

## MUHAMMAD: Muporofita akafanana naMosesi

Kare kare mushure maAbrahamu, chitsiidzo chaMwari chekutumira Mutumwa ainge akamirirwa kwenguva yakareba chakadzokorodzwa mumashoko a Mosesi. Muna Dhuteronomi 18:18, Mosesi akataura nezva muporofita aizotumwa naMwari aive:

1) Kubva "kuhama" yema Israiri, kutaura nezvehukama hwavo nezvizvarwa zva Ishumairi sezvo Ishumairi akange ari mumwe mwana wa Abrahamu uyo akavimbiswa kuti aizova "rudzi rwakakura".
2) Muporofita akafanana naMosesi. Kwakange kusina vaporofita vaviri vakafanana chaizvo saMosesi naMuhammad (R.N.K). Vose vari vaviri vakapuwa mitemo yakakwana yehupenyu, vose vakarwiswa nemhandu dzavo vakakunda nenzira dzeminana, vose vakatambirwa nevanhu kuti vaive vaporofita uye vatungamiri, uye vose vakatama nokuda kwevanhu vaida kuvauraya. Fananidzo pakati paMosesi naJesu, hadziitwe pane zvataurwa pamusoro chete izvi, asi nepane izvo zvakaomarara chaizvo (semufananidzo, kuzvara nenzira chaiyo (inozivikanwa), kuva nemhuri, uye kufa kwaMosesi naMuhammad, asi kwete zvakaitwa kuna Jesu, uyo akatorwa nevateveri vake semwanakomana waMwari, kwete mutumwa waMwari saMosesi naMuhammad, uye sekutenda kwemaMuslim kuti Jesu akange ari).

## MUPOROFITA AINGE AKAMIRIRWA AIZOBVA KU ARABIA

Dhuteronomi 33:1-2 inobatanidza nyaya yaMosesi, Jesu naMuhammad. Inotaura nezvaMwari (zaruro yaMwari) kubva ku Sinai, kubuda kubva ku Seir (musha we Sa'ir pedyo neJerusarema), achipenya ari pagomo reParan. Zvichienderana na Genesisi 21:21, mupata weParan ndiyo nzvimbo yaigarwa naIshumairi (ndiyo Arabia, inova Mecca).

Zvirokwazvo, bhaibheri rinonzi: King James Version, rinotaura nezve vashanyi vanopfuura mumupata weBacca (rimwe zita reMecca) muMapisarema 84:4-6.

Isaya 42:1-13, inotaura nezveuyo anofarirwa zvikuru naMwari. Waakasarudza mutumwa achaunza mutemo uchamirirwa muzvitsuwo uye haakundikane, kana kudzikisirwa kudzamara ayananisa panyika." Ndima 11, inobatanidza iye ainge akamirirwa nezvizvarwa zva Kedar. Ko Kedar ndiani? Maererano ne Genesisi 25:13, Kedar akange ari mwanakomana wepiri waIshumairi, teteguru vamuporofita Muhammad (R.N.K)

## KUTAMA KWA MUHAMMAD KUBVA KU MECCA KUENDA KU MEDINAH: KWAKAPOROFITWA MUBHAIBHERI HERE?

Habhakuki 3:3 inotaura nezvaMwari (rubatsiro rwaMwari) kubva ku Te'man (chisipiti chiri kuchamhembe kweMedina maererano neduramazwi rebhaibheri raJ. Hastings), uye nezve mutsvene (aiuya) kubva kuParan. Iye mutsvene akatama kubva kuParan (Mecca) nokuda kwekutambudzwa, akanotambirwa nemufaro kuMedina ndiye akange ari muporofita Muhammad.

Zvirokwazvo chiitiko chekutama kwamuporofita nekutambudzwa kwevateveri vake kwakanyatso tsanangurwa muna Isaya 21:13-17. Chikamu ichocho chakafano taura nezve hondo yeBadr apo muhondo iyi varwi vatsvene vakange vaine zvombo zvishoma vakakunda nemunana varwi vakawanda verudzi rwa Ke'dar avo vaida kuparadza Islam uye vaityisidzira hama dzavo dzaipinda muchitendero ichi.

## KORANI RAKAFANO TAURWA NEZVARO MUBHAIBHERI:

Mumakore aikwana makumi maviri ane matatu, mashoko aMwari (Korani) chokwadi akaiswa mumuromo waMuhammad (R.N.K). Akange asiri iye munyori weKorani. Ngirozi yainzi Gabrieri yakaraira Muhammad (R.N.K) kuti adzokorodze mashoko eKorani sekunzwa kwaaiita achiverengwa kwaari. Mashoko aya akachengetwa mumusoro, akazonyorwa neavo vakamanzwa panguva yaMuhammad, mushure meongororo yake.

Akange ari masanga here kuti muporofita "akafanana naMosesi" kubva "kuhama" dzemaIsrairi (zvichireva zvizvara zvaIshumairi) uye akatsanangudzwa kuti ndiye achaiswa naMwari mashoko mumuromo wake, uye kuti achataura nemuzita raMwari, (Dhuteronomi 18:18-20)? Zvakangoerakana zvaitika here zvakare kuti "Paraclete" akafanotaurwa nezvake naJesu kuti achauya mushure make sekutsanangudzwa kwaakaitwa kuti "haambotaura nezvake, asi kuti zvose zvaachanzwa ndozvaachataura, (Johani 16:13)?

Akange ari masanga here zvakare kuti Isaiah akabatanidza mutumwa wekurudzi rwa Kedar nerwiyo rwutsva (gwaro riri mumutauro mutsva) kuti rugoimbwa kuna Tenzi (Isaya 42:10-11)? Zvichinyatso tsanangurwa, Isaiah akaporofita kuti "Nemiromo ichange ichindandama, uye nerumwe rudzi, achataura kuvanhu ava" (Isaya 28:11). Ndima yokupedzisira iyi inotsanangudza nemazvo "kundandama kwemiromo" yaMuporofita Muhammad ichinyatso buritsa pachena kuisa kwake pfungwa pamwechete panguva yaaizarurirwa. Zvakare Korani rakazarurwa muzvidimbu zvidimbu kwenguva yaikwana makore makumi maviri nematatu. Zvinonakidza zvikuru kana tichifananidza izvi naIsaya 28:10 inotaura zvimwechetezvo.